mangoe moelat toemon ingkang troenaning kang djalanidi.

6 Ombak angembang gelagah mandoek ring karang mangsoeli
kadya nambrama kang prapta wangsoela sang among ragi
goraja rèh anekani agra roeg geter goemoentoer
manoelak sroe mawalikan sang moneng moenadikani.

7 Margijoeh sangsajèng drija émoet warahning sang kaka
toehoe darma kamadaka toedoehirèng sang maharsi
jèn wangsoela arda mérang kangen oedjarirèng oeni
soeka parastraèng tasik mangkana waoe kadoeloe.

8 Kang palwa awarna-warna koemerab ing djalanidi
pating kareḍap tijangnja kadya wantjak soemamboerat
lengleng moelat ing oedaja rentjakaning tyas kaliling
nglangoet datanpa watesan sang moneng lwir toegoe manik.

9 Loen ageng anggigilani langgeng agolong goemoeloeng
tojanja moentjar analang kikisik wingkis kaèksi
weḍinja lir isining kang sekar mekar ton maalep
sangsang lémbak-lémbak kadya tjemara wal saking oekel.

10 Oekeling dyah sindjang loekar tan woes oetjapen ingkang sri
isining kang djaladian pira-pira langenipoen
raras roemirèng djro toja pandjang winarnaèng toelis
Wrekoedara sengsem ing tyas tan adjrih *wiralalita*.

ZANG IX.

Wisaljarini.

Lampah 21; pedotan 7—7—7.

1 Amoesṭi ing tyasira sang arja Wrekoedara ing baja tan kaèksi
lamoen tan amanggiha [1]) toja rèh tata darma tan wrin
[parastrèng tasik
noemangsah ambek pedjah tjangtjoet goemergoet mandjing
[ing samoedra toelja dreng
wiraganja legawa toja soemapoet wentis melek ing angganira.

2 Aloen pan soemarambah soememboer nampek moeka asroe
[melek ing angga
minggek [2]) djangga kang warih ènget ing tyas pan ana djiné
[Djalasangara
loen ageng anangkebi gadgada sroe manengah kroeraja
[makikikan
katon kambang-koemambang gengnja sawoekir anak ngakak
[galak koemelab.

3 Soememboer angadjrihi samoedra lir kinotjak gora kolah
[prakempa
kagjat doek aningali sang arja Wrekoedara iki babaja prapta
éram toemon gengnira tan antara protboeta kroera mangang
[nekani
kadya goentoer koemeboer samoedra aroeara prabawanira atri.

4 Mangap pan kadya goea sijoeng mingis koemilat soememboer
[wisa kadya
riris manaoet kroera moelet kadya ambanting manengah
[pan kasangsang
sroe kapoelet ing naga angres sang Bajoesoeta wisaning
[naga nampek [3])
marang ing moekanira kéwran tyas tjipta mati sangsaja
[sroe pinolah.

---

[1]) Hs. amanggija. [2]) Hs. minggeg. [3]) Hs. nampeg.

5 Ing naga mobat-mabit sariranira kempoet pan ginoebed sedaja
moeng djangga ingkang meksih kasangsaja manengah sagoeng
[kang palwa giwar
dènnjana pantjaroeba geng ingkang anḍatengi sinḍoeng
[prahara salah
goesis palwa woes nebih lwir sinapon tan ana sadjoega tan
[katingal.

6 Waoe kang amrih djoerit sajah sang arja Bima émoet sang
[amingkara
kang moenggèng angga sigra tjinoebles ing kanaka pasah
[rahnja dres midjil
tékang pantjakanaka mandjing awaking naga tatas pating
[saloewir
rah midjil angken oedan abang tojèng samoedra marbabang
[soemamboerat.

7 Sapandeleng ing kanan kèri toja dadya rah naga geng woes
[ngemasi
sirna déning sang Séna samja soeka sadaja saisining djaladri
waoe ta kawoewoesa risang Soeksma dimoerti jékang moerwèng
[parasdya
wroeh lakoening kaswasih sang amoerwèng kanang rat
[pratané sang amamrih.

8 Dinoeta tan oeninga marang djatining lampah tirta marta
[maening
jékang èr ri niskala mapan tijaḍa péhak ḍan tijaḍa bertempat
èrnja tahoe paḍa èr soeksma sinoeksma soenggoe ḍan telaloe
[mawingit
tanghèh bolé paḍanja djika loe trak noegraha betoel
[*wisaljarini*. [1])

---

[1]) Hs. ḍisaljaḍini.

ZANG X.

Wohingrat.

Lampah 24; peḍotan 6—6—6—6.

1 Koeneng sanalika woewoesen Panḍawa kalangkoeng prihatin
[sangsaja kagagas
marang kadangira prasamjârsa noesoel adja na salaja jjan
[toemekèng lampoes
prasamja anggoebel anoenoehoen ingkang pangandika risang
[praboe Padmanaba
tinangisan sami sira nata Kresna hèh woes ajja na kang
[prihatin sirèkoe.

2 Apan kadangira tan nemahi pati malah antoek anoegrahaning
[djawata
ing bésoek praptané rinira pan soetji toer ta sinihan [1]) dé
[sang Soeksma kawekas
ija toer winenang aliliron ḍiri sarira baṭara poetoes tingal
[ening
lah oewis maria adja na soengkawa énggar tyasnja sami
[sirna soesahing tyas.

3 Déning waoe mjarsa ingkang pangandika praboe Arimoerti
[dan malih woewoesen
sang Awrekoedara nèng teleng samoedra sampoen pinang-
[gihan [2]) warni déwa badjang
jékang apaparab risang Déwaroetji lwir raré dodolan moewoes
[tatanja ris
èh ta Wrekoedara apa karjanira tekèng kéné iki apa sedyanira.

4 Ija liwat sepi taman ana sarwa boekti miwah boga mjang
[boesana sepi
amoeng goḍong aking jèn ana koelijang tibèng ngarsa mami
[jèkoe kang ngong-pangan
jèn nora tan ana nggardjitèng wardaja mijarsa sang Séna
[ngoengoen dènnja mijat
déné badjang anèng tasik tanpa réwang tjilik menik-menik
[iki ta wong apa.

---

[1]) Hs. sinijan. [2]) Hs. pinanggijan.

5 Gedé djentik ingsoen woewoesé koemaki aladak koemetak
[dé tapa pribadi
lan maningé Wrekoedara ingkang prapta ja ing kéné iki
[akèh pantjabaja
jèn nora toh lampoes sajekti tan prapta ring ngké pan sakalir
[soewoeng sarwa mamring
tan oeroep lan tjiptanira paripeksa nora ngéman pati sabda
[kaloehoeran.

6 Kéné mangsa naa kéwran arja Séna ing sasaoerira dènnja
[tan wrin daja
dadya lon saoernja arja Wrekoedara mangsa borong ing sang
[maambek poeroesa
sang wikoe lingnira ja pan sira oega bèbèté hjang Goeroe
[sang hjang Girinata
toerasé sajekti saking Brama wité ja bapanirèkoe jèkoe kang
[moerwani.

7 Toeroen saking Brama mentjarken para dji iboenira Koenti
[kang adoewé tedak
ja sang Wisnoemoerti moeng patoetan teloe lawan bapanira
[pambajoené ikoe
ja sri Joedistira panenggaké sira panengah Ardjoena déné
[kang kakalih
patoeté ni Madrim djangkepé Pandawa déné praptanira
[anèng kéné iki.

8 Ija dangnjang Droena akèn angoelati banjoerip nirmala
[ikoe goeroenira
pitoedoeh mring sira ikoe kang sira-prih moelané tatapa
[apan liwat angèl
pratingkah ngaoerip adja loenga lamoen tan wroeh kang
[pinaran lan adja mamangan
jèn tan wroeh rasané kang pinangan ikoe lawan malih ajja
[nganggo-anggo oegi.

9 Lamoen doeroeng weroeh araning boesana wroehé lan tatakon
[bisané pan ija
kalawan titiron dadi lan toemandang mengkono ngaoerip
[apan ana djoegoel

saking woekir arsa atoekoe mas maring kemasan dènwèhi ja
[lalantjoeng koening
prandéné dènanggep ja kentjana moelja pan mengkono oegi
[ing wong angabekti.

10 Ija lamoen doeroeng waskiṭa prenahé nenggih kang sinembah
[sasar kabelasar
risang arja Wrekoedara doek mijarsa anḍekoe norraga déné
[wikoe sidik
sarwa sila santika andikanira Wrekoedara mèt sih anoewoen
[djinatyan
sinten aran toewan déné anèng ngriki pribadi sigra sang
[marboedèng rat angling.

11 Ja ngong Déwaroetji Séna matoer malih ḍoeh poekoeloen
[inggih lamoen makatena
poen patik noehoen sih oeloen inggih tan wrin poeroeitèng
[badan saksat sato wana
datan mantra-mantra waspadèng rèh soetji langkoeng moeḍa
[poenggoeng tjinatjad ing [1]) boemi
kèsi-èsi ring rat angganing tjoeriga oeloen tanpa wrangkan
[woewoes tanpa siring.

12 Jata ngandika roem déwa Soeksma soetji lah ta mara
[Wrekoedara loemeboea
goewagarba ningsoen kagjat mjarsa lingé sang Séna goemoejoe
[sarwi nggoegoek toernja
dé padoeka badjang kawoela geng inggil pangawak parbata
[inggih saking poendi
margi oeloen mandjing djenṭik jekti sesak angandika malih
[déwa Soeksma soetji.

13 Geḍé endi sira lan djagat samoea lan isiné kabèh lawan
[goenoengipoen
samoedrané moewah alasé jekti [2]) tan sesak loemeboea
[goewagarba ningwang
Wrekoedara mjarsa koemel èsmoe takoet sandika toernèki
[Déwaroetji mènglèng
lah iki dadalan talingan ngong kèri arja Wrekoedara mandjing
[sigra-sigra.

---

[1]) Hs. tjinatjadi. [2]) Hs. jekting.

14 Sampoen prapta ing djro goewagarbanipoen anon samoedra
[goeng djembar tanpa tepi
anglangoet loemaris lejep adoh kèksi Déwaroetji ngoewoeh
[hèh apa kang katon
dan Séna soemaoer inggih atebah tan wonten katingalan
[amoeng awang-awang
oewoeng-oewoeng liwat tebih tan kantenan kang oeloen-
[lampahi pan saparan-paran.

15 Taman moelat ing lor kidoel miwah wétan kilèn tan oedani
[nganḍap nginggil ngarsa
kalawan ing poengkoer oeloen tan oeninga inggih langkoeng
[bingoeng sigra Déwaroetji
aris angandika adja maras ing tyas sigra bjar katingal
[ngaḍep Déwaroetji
sang Awrekoedara sang wikoe kawangwang oemantjoer tjah-
[jané paḍang kanan kèri.

16 Nolih wroeh lor kidoel koelon miwah wétan ing nginggil mjang
[nganḍap pan sampoen kadoeloe
lan andoeloe soerja étja tyasé miwah sang wikoe kaèksi nèng
[djagat walikan
Déwaroetji soeksma angandika malih ajwa loemaksana ma-
[nginget-ingeta
apa katingalan déning sira mengko Wrekoedara wangwang
[oematoer *wohingrat*.

ZANG XI.

Lebdadjiwa.

Lampah 11; peḍotan 4—7.

1 Wonten warni nenggih kawan prakawis
ingkang katingalan déning kawoela
sadaja waoe nggih sampoen tan kèksi
amoeng kawan prakawis kang kadoeloe.

2 Abang ireng koening kalawan [1]) poetih
angandika sang déwa Soeksma soetji
ingkang ḍingin sirèkoe anon tjahja
pan goemawang nanging tan wroeh aranė.

3 Pantjamaja ija aranė ikoe
sadjatiné ing wardaja sajekti
pangareping sarira ing tegesé
tyas ikoe ingaranan moeka sifat.

4 Ija ikoe kang anoentoen ing sifat
kang linoewih kang sadjatining sifat
mangka tinoela ajwa loemaksana
awasena ing roepa adja samar.

5 Empanipoen moenggèng kawasaning tyas
tingaling tyas poenikoe anengeri
mring sadjati énak [2]) sang Wrekoedara
dènnja mjarsa pangandika sajekti.

6 Lagja mèsem ing tyas pan soemaringah
déné ikang ireng bang koening poetih
ja ikoe doergamaning tyas sajekti
kang anoelak mring tjipta kang rahajoe.

7 Pangisining boewana amepeki
ija ati ingkang teloeng prakara
pamoeroengning lakoe déning kang bisa
pisah ikoe bisa amor ring haib.

8 Dèn-prajitna ikoe moenggoeh ing tapa
tyas ingkang tri ireng bang koening sami
angaḍangi karsa ingkang lestari
pamoring hjang Paramasiwa moelja.

9 Lamoen nora kawilet ingkang katri
jekti sida panoenggaling kawoela
tan prapantja lestari pamoring hjang
poma dipoen-kawangwang ajwa loepa.

---

[1]) Hs. lawan. [2]) Hs. anak.

10 Mring doergama kang moenggèng ati ikoe
pangwasané sawidji-widji wroeha
ingkang ireng ikoe loewih prakosa
panggawéné kang srengen barang roentik.

11 Berangasan andadra ngambra-ambra
ija ikoe ati ingkang ngaḍangi
amboentoni marang ing kabetjikan
amoemoeroeng ing tyas kang *lebdadjiwa*.

ZANG XII.

Bangsapatra.

Lampah 17; peḍotan 4—6—7.

1 Déné ingkang roepa abang ikoe toedoeh nepsoe tan betjik saliring kang pépénginan iki pan metoe saking ikoe panasténan mjang panasbaranan amboentoni marang tyas ingkang éling marang kawespadan déné kang roepa koening.

2 Koewasané nenggoelang sebarang tjipta ingkang rahajoe penggawé kang amrih kalestarèn tyas koening kang ngaḍangi kéwala moeng penggawé pangroesak sroe binandjoer djinoeroeng] amoeng ikang poetih ikoe njata ati anteng troes titah.

3 Moehoeng soektji datan ika iki prawira ing kaardjan amoempoeni ing sarwa boewana [1]) moeng ikoe ingkang bisa anampani marang ing sasmita roepa ingkang sadjati anampani ing noegraha nggoné ingkang bisa toemandoek.

4 Mring pamoring tjipta kalestarèn ikoe moengsoeh tateloe toer samja goeng-agoeng balanipoen ija ingkang tateloe kang poetih tanpa rowang moeng sidji mila anggoeng kasoran lamoen bisa nembadani maring soesoeker tri prakara.

---

[1]) Hs. boe-hwana.

5 Jekti sida ing kono pamoré tanpa toedoehan ikoe
moenggoeh pamoring kawoela goesti waoe sang Wrekoedara
amijarsa sengkoed pamrihipoen saja birainira
saja marang kaoewoesaning don sampoernaning panoenggal.

6 Sampoen sirna kang patang prakara tan antara na malih
oeroeb sidji wowoloe warnanja sang Wrekoedara toernja
ingkang poendi roepa kang sanjata kang sadjatining roepa
wonten ingkang kadi retna moentjar wonten abra markata.

7 Ana ingkang kadi maja-maja mantyanta mangébati
marboedèng rat Déwaroetji angling jèkoe djatining toenggal
ing tegesé saliring pawarta ija na ing sirèkoe
toewin ana isining kang boemi ginambar [1]) angganira.

8 Lawan djagat gedé lawan tjili ikoe pan nora béda
poerwa na lor koelon kidoel iki wétan loehoer ing nganḍap
miwah abang ireng poetih koening ija pangoeripipoen
ing boewana djagat tjili moewah djagat gedé pan paḍa.

9 Miwah isinipoen tan prabéda tinimbangken ing sira
lamoen ilang ija warnaning kang djagat samoa iki
jekti saliring réka tan ana moehoeng kinoempoelaken
ija na ing roepa kang sawidji tan kakoeng tan wanoedya.

10 Kadya tawon goemana jatéka sawang poepoetran denta
lah pajo ta tingalana ikoe Wrekoedara andoeloe
ingkang kadya ja poepoetran gaḍing tjahja mantjoer koemilat
sroe toemédja ngoengoewoeng prabanipoen napèstoe poenika.

11 Inggih wrenaning dat ingkang pinrih ingkang dipoenoelati
kang sajektining roepa sadjati Déwaroetji naoeri
ikoe doedoe ingkang sira-sedya kang sajektining roepa
kang moempoeni ambek iki kabèh tan kena sira-doeloe.

12 Tanpa roepa tanpa warna ikoe tan gatra tan satmata
tanpa arah ija tanpa doenoeng moeng doemoenoeng kang awas
moeng sasmita nèng djagat ngebeki dinoemoek datan ana
déné ikoe kang sira-tingali kang koemilat tjahjané.

---

[1]) Hs. ginandjar. Deze emendatie berust op Redactie II.

13 Ingkang sawang poepoetran moetyara angkara-kara moeroeb
pan pramana arané sajekti oeripé kang sarira
ija ingkang pramana poenikoe toenggal pan nèng sarira
nging tan miloe soengkawa prihatin enggoné anèng raga.

14 Datan miloe mangan toeroe ija tan miloe lara lapa
lamoen ikoe pisaha enggoné raga kari ngeloemproek
jekti loengkrah badanira iki jèkoe ingkang kawasa
nanḍang rahsa ingoeripan déning soeksma rèh *bangsapatra*.

ZANG XIII.

Salisir.

Lampah 8.

1 Ija ikoe kang sinoeng sih
ananḍang oerip poeniki
toer ingangken rahsaning dat
ikoe pan sinanḍangaken.

2 Ija ing sirèkoe nanging
kadi simbar nèng kakajjan
ananira raga nggoné
oeriping pramana ikoe.

3 Ingoeripan déning soeksma
amisésa ing sarira
ingkang pramana poenikoe
jèn mati miloe kaleswan.

4 Jèn ilang soeksmaning raga
noelja na oeriping soeksma
sirna ikoe kang tinemoe
oeriping soeksma kang njata.

5 Kaliwat tanpa oepama
kadya rahsaning kamoemoe
kang pramana mrasanḍani
toehoe toenggal pinangkanja.

6 Ija djinatèn poenikoe
oematoer sang arja Séna
inggih poendi warnanipoen
inggih kang sajektining dat.

7 Ikoe ta pan nora kena
lamoen sira-prih kalawan
kaanan samata-mata
gampang angèl pirantiné.

8 Wrekoedara lon oematoer
poekoeloen amba malampah
pamedjang padoeka malih
inggih kedah joen oeninga.

9 Ingkang babar pisanipoen
poen patik ngatoerken pedjah
ambentjana kang sanjata
anggèn-anggèn ingkang pasṭi.

10 Sampoen ta toewas kangélan
jèn makaten koela datan
poeroen midjil sampoen étja
wonten ing ngriki kéwala.

11 Boten wonten sangsajané
tan nijat mangan asaré
boten arip boten ngelih
boten wonten kangélané.

12 Lawan boten ngeres linoe
moeng nikmat manfangat
[wahjoe
Déwaroetji ngandika roem
ija nora kena ikoe.

13 Jèn nora lan angemasi
Déwaroetji sangsaja sih
mring sang kaswasih ring
[pamrih
lah ija dèn-awas éling.

14 Marang pamoeroenging lakoe
ajwa na karemirèkoe
dèn-bener dèn-waspadèkoe
ija ing anggep sirèkoe.

15 Jèn woes kasikep ing sira
dèn-awingit ajwa oemoeng
dèn-nganggo parah jèn
[moewoes
ikoe pan rèh pipingitan.

16 Nora kena jèn rinasan
lan sasamaning manoesa
jèn nora lawan noegraha
lamoen ana nedya padoe.

17 Ngrasani rarasan iki
poma ajwa kongsi mbandjoer
adja ngadèkken sarira
ija teka kalahana.

18 Ajwa sira-karaketi
wisajaning oerip iki
balik ta sikepen iki
kawisajanirèng pati.

19 Dèn-kaasta pamanṭenging
tjiptanira adja samar
roepa ingkang sabeneré
sinengker tang boewanèki.

20 Oerip nora na ngoeripi
nora lan antara mangsa
ija anané poenikoe
pan woes ana ing sarira.

21 Toehoe [1] jwan toenggal
[sasana
lawan kaananira ja
taman keni pisahena
moenggoeh ananing *salisir*. [2]

---

[1] Hs. toehja. [2] Hs. silisir.

ZANG XIV.

Wegangsoelandjani.

Lampah 23; peḍotan 5—6—6—6.

1 Apan tan wanèh sangkanira ngoeni ija toenggal sang akretining
[bawana
ing pandoeloe lan pamijarsanipoen pan woes anèng sira
[pamirsaning soeksma
tan lawan karna ing pandoeloenipoen tan kalawan nétra
[meheng nétranira
lan karnanira jèkoe kang kinardi anané sajekti pan woes
[anèng sira.

2 Lairing soeksma anèng ing sirèki mwang batining soeksma
[kang ana ing sira
ja mangkéné tatrapé kadya wreksa tinoenoe ananing kang
[koekoes ing agni
sarta lan wraksa kadya toja lawan aloen miwah kadya
[ménjak anèng poehan
raganirèkoe ing rèh obah lawan mosik ija sarta kalawan
[noegraha.

3 Lamoen wroeh paworing kawoela goesti sarta soeksma sarwa
[kang sinedya ana
ja déning warna anèng sira nggoné sarira poeniki apan kadya
[wajang
saking ḍaḍalang solahing kang ringgit djagat mangka
[panggoeng kelir badanira
amolah lamoen pinolahken ikoe ing sasolahipoen koemeḍèp
[lan modjar.

4 Manon toemindak lawan pangoetjapé ikoe kawisésa amisésa
[sami
datan antara pamoré ing karsa djer tatanpa roepa roepané
[poenikoe
woes anèng sira oepama paésan djati kang angilo baṭaroetipati
wajangan ingkang ana sadjroning katja ija sira iki djenenging
[kawoela.

5 Lewih geḍéné kalepasan iki lawan ingkang djagat ageng
[kalepasan
lan lewih lemboet salemboeting banjoe apan maksih lemboet
[kalepasan oegi
lan lewih alit kamoeksan poeniki saaliting tengoe pan alit
[kamoeksan
tegesing lewih déné amisésa marang ing sakalir liring geng
[alitnja.

6 Bisa anoeksma ing lemboet mjang alit kalimpoetan kabèh
[kang roemangkang iki
mjang kang goemermet kalewihan [1]) toehoe ikoe ija lewih
[dènnja anampani
tan kena ngandelken warah lan woeroek dèn-sanget ing
[pangoeswanira wasoehen
badanirèkoe ing pragnjana ngoekih weroeha roengsiting
[*wegangsoelandjani.*

ZANG XV.

Manggalagita.

Lampah 15; peḍotan 8—7.

1 Woeroek ikoe mangka widji kang winoeroek lir papan
pama katjang lan kaḍelé pan sinebar ing watoe
jèn watoené tanpa siti kodanan kapanasan
pasṭi nora bisa tjoekoel jèn sira bidjaksana.

2 Tingalira sirnakena ing ananira ikoe
dadi tingaling hjang Soeksma roepa mjang swaranira
ija noeli oelihena maring kang doewé swara
djer sira ingangken baé sisilih kang satoehoe.

3 Nanging sira adja doewé pakareman kang lija
maring hjang kang mahasoetji dadi raga baṭara
obah lawan osikira pan woes sah dadi sidji
adja roro anggepira jèn roro misih oewas.

---

[1]) Hs. kalewijan.

4 Kena ing rengoe jektiné jèn woes sidji sawoedjoed
sakarenteging tyasira apa tjinipta ana
barang kang sinedya prapta djagat samoa iki
woes kawetoe anèng sira djer sirèkoe sajekti.

5 Kinarja gagentining hjang nanging sira dèn-sagoeh
déné sira jèn woes moeḍeng ing pratingkah kang iki
dèn-wingit sarta dèn-sasab saksat pamèr anggoné
nanging ing batin kéwala ing sakeḍèp jwa lali.

6 Ing lairé sasabana kawroeh kang patang ḍapoer
paḍa anggepen sadaja déné kalimanipoen
kang sidji iki pramati kanggo ing kéné kana
liring pati djroning oerip mjang oerip djroning pati.

7 Oerip baé salawasé kang mati ikoe nepsoe
badan lair kang nglakoni katampan badan njata
panoenggalé ing sawoedjoed pagéné ngrasa mati
marmané dèn-awas marang *manggalagita*-ning don.

ZANG XVI.

Sasadarakawekas.

Lampah 20; peḍotan 7—7—6.

1 Wrekoedara tyasira paḍang nampani wahjoe praptaning
[noegraha
lir sasangka tinaweng ima riris praptaning wahjoe Bimasoetji
nirmala pan soemilak woes ilang raregedé jata angling [1]) malih
Déwaroetji toelja roem tan ana adji paran kabèh woes
[kawengkoe.

2 Tan ana ingoelatan kasektèn kadigdajan miwah kaprawiran
mjang djaja widjajanti woes kawingking sadaja saoelahing
[aprang
ndan telas woelangira sang Déwaroetji soeksma sang Séna
[tyasira
woes tatan kéwran wroeh ing namané ḍéwé ardaning kang
[sjara moeloek.

[1]) Hs. aling.

3 Tanpa lar ndjadjah bangkit sawengkon djagat-traja angga
[woes kawengkoe
pantes pamatining rèh saéngganing poespita maksih koeḍoep
[lami
mangkja mekar ambabar woewoeh warnané lawan gandané
[woes kena
kang pantjaretna medal saking goewagarbané woes salin
[alamnja.

4 Moelih alamé lami Déwaroetji woes sirna mangkana winoewoes tyasira Wrekoedara toeloes saking gandanira [1]) kastoeri djati papanasing tyas sirna apan sampoen leksana salekering boemi oedjar baé pan weroeh ring patapanira ja nir ing malaning tyas.

5 Moeng panarima moenggoeh kadyanggané anganggé soetra
[di poenika
maja-maja kang [2]) srira rèhnja ingkang sarwa loes toer soeksma
[sinoeksma
ing emas ingemasan ardja sotya sinotya pan manik minanik
wroeh pakénaking tingkah *sasadarakawekas* waspadèng rèh
[soetji.

ZANG XVII.

Lebdadjiwa.

Lampah 11; peḍotan 4—7.

1 Mila soemping abra poespa kenaka [3])
winarnèndah tang kintaki soemekar
pan kastoeri djati [4]) namané ikoe
apratanḍa tan koroep ing pangwikan.

2 Tang kenaka loengid pan angoengkabi
ing kabisan kawroeh datan kaliroe
lantjingannja lawan kakampoehira
sami polèng bang bintoeloe lilima.

---

[1]) Hs. °nirang. [2]) Hs. ka. [3]) Hs. bra poespa nadikoe. Deze emendatie berust op Redactie II, Z. XIX, 4: abra poespa mas. [4]) Hs. djangta.

3 Winarna oeraga milet toelja sri
jèkoe mangka pangémoet-émoet ngoeni
titiga doek sadjroning garbanipoen
Déwaroetji soeksma pamèngetipoen.

4 Abang koening miwah ireng poenikoe
pamoeroengé ing lalakon ngaḍangi
kang apoetih sidanirèng pangangkoeh
kalimané poenikoe kang ginambar.

5 Woes kaasta sanalika jwa lali
oeloen toehoe nenggih ing ambekira
saking sangetipoen karja ling-aling
pambéngkasing soemoengah lan djoeb-rija.

6 Sijang latri kaèsṭi taman loepa
apan kaṭah dènira amijarsi
pratingkahé ingkang para maharsi
ingkang sami loepoet panganggepipoen.

7 Pangantjabing kawroehira woes bener
ing patiné wekasan nora dadi
jèkoe samja kawilet ing tatrapan
djer doeroeng wroeh pangrèhing *lebdadjiwa*.

ZANG XVIII.

Soediradraka.

Lampah 13; peḍotan 5—8.

1 Ana kang mati dadi paksi amoeng milih
péntjokan baé kajoe kang betjik warnané
angsana nagasari ana ingkang tandjoeng
miwah waringin kang anèng pinggiring pasar.

2 Tang peksi engkoek mangkroek-mangkroek angoengkoeli
ing wong sapasar ja pinḍa-pinḍa kamoektèn
sapélé pinrih kasasar pan kabalasar
saweneh ana kang anitis para nata.

3 Asoegih radjabrana miwah wanoedya joe
ana kang milih poetrané kang arsa mengkoe
karemenipoen wong sidji-sidji poenika
samjântoek kaloewihan [1]) ing panitisipoen.

4 Jèn moenggoeh sira sang arja Bajoetanaja
pan dèrèng arsa amoeng amrih ing pribadi
saha dajanja poenikoe pan ingaranan
ija titaning kang [2]) wadaka tatan pasṭi.

5 Doeroeng djoemeneng djanmotama kang mengkono
ing anggepipoen pangrasané ikoe noeli
anemoe soeka soegih datan wroeh ing jekti
jèn noeli nemoe doeka kabandjoer kalantoer.

6 Sanggoné nitis kéwala tanpa wekasan
angèl kangélan toewas nora nemoe asil
destoen jèn koemproeng nora bisa babar pisan
tan nggoegoeroe mring kang woes man *soediradraka*.

ZANG XIX.

Nagabanda.

Lampah 18; peḍotan 5—6—7.

1 Lamoen loepoeta anjakrabawani pakareman ing doenja
ing pati maring tibané ing kono tibané nora koewat
parenging pati kéron kasamaran mangśah awowor samboe
aboté oelah kamoeksan tan kena tolih bapa nak rabi.

2 Jèn kaloepoetan pataka ing boemi leheng jja dadi djanma
sato agampang pratikelirèkoe sirnané tanpa toetoer
jèn woes abener pamanṭenging tjipta langgeng tanpa karana
angga [3]) boewana oemeneng tan kadi séla ing enengira.

3 Enengira ja nora kadi warih wrata [4]) tanpa toedoehan
lèning panḍita ana anganggepi kamoeksan peksanira
andjoengkoeng marang kasoetapanira njana kena dènangkoeh
tamanpa toedoeh moeng tapanirèkoe tanpa wit poeroeita.

[1]) Hs. kaloewijan. [2]) Hs. ka. Deze emendatie berust op Redactie II. [3]) oga. Deze emendatie berust op Redactie II. [4]) Hs. werta. Deze emendatie berust op de Bimasoetji van het Leidsche Ms. Cod. 80 (6) Zang V, 51. Redactie II heeft: warta.

4 Datanpa isi soewoeng angoeroewoeng moeng temen tjiptanira tan antoek woeroek pratikeling jekti pratingkah lalawora tapanirèkoe kongsi raga roenting woes mangkana dènnja mrih kamoeksan datanpa toetoer sirnané kawilet *nagabanda*.

ZANG XX.

Prawiralalita.

Lampah 16; peḍotan 8—8.

1 Kang mengkono sasar-soesoer kamatengen datanpa woek
kasoesoe dènnja soemoetji temah bingoeng kadaloeroeng
dé pratikel kang lestari tapa ikoe ija amoeng
pinangka ragi kéwala ngilmoe kang pinangka oelam.

2 Tapa lamoen tanpa ngilmoe jektiné pan nora dadi
jèn ngilmoe datanpa tapa tjemplang-tjemplang tan woen dadi
angsal nora kawilet ring tatrapan lawan katjagak
sagoeng mamala békané sajekti dadiné ikoe.

3 Pan akèh panḍita sandi woeroekipoen sinatengah
ija maring sabatipoen sabaté lanḍep prijangga
jékang linempit pan sampoen winoeḍar raosé noeli
ingatoerken goeroenira déné pamoeḍarirèkoe.

4 Asoeng graitanirèki ngoeni doeroeng mamboe warah
saking tan étja manahé katoer ing goeroe kalangkoeng
ngoengoen noeroet [1]) anganggepi anoelja sinemantakken
marang panḍita goeng-agoeng woes pasṭi anggep kang njata.

5 Ikoe pan wahjoe sadjati noegraha ḍawoeh pribadi
sabat pan ingakoe anak toer sinoengga-soengga ikoe
tan pegat tinari-tari mring goeroe jèn arsa medjang
tan tebih sinanḍing nggoné sabat ingkang temah goeroe.

6 Goeroe dadya sabat jekti wit lepas ing panggraita
nandoek sarta wahjoe njata jèkoe oetama kalihnja
ingkang satengah panḍita doeroeng njata pan kasoesoe
kaselak pangakoenira kadya *prawiralalita*.

[1]) Hs. noenoet.

ZANG XXI.

Koesoemawitjitra.

Lampah 12; pedotan 6—6.

1 Koedoe tinoet ing saoedjarira sami
déning akéh ingkang loemakoe sinembah
nèng poetjaking goenoeng swaranira ngoewoeh
gora angebeki ing patapanira.

2 Jwan ana wong kang marak wekasé bikoet
kadya goebar bèri tinatab swaranja
koemrampjang binoebak soewoeng tanpa isi
destoen koemproeng pengoeng ingkang poeroewita.

3 Adja kaja mengkono ngaoerip iki
badan iki dèn-kadya wajang kinoedang
anèng panggoeng géné ardja tali bajoe
padanging kang panggoeng [1]) damar soerja tjandra.

4 Kelir ngalam soewoeng kang anangga tjipta
gebog boemi tetepé adeging ringgit
jèkoe pan sinangga [2]) maring kang ananggap
kang ananggap ikoe ana dalem poeri.

5 Meneng datan mosik pangoelah sakarsa
ngoeniwèh pramana dadalangira ja
pangadeging ringgit ana ngidoel toewin
ngalor miwah ngétan *koesoemawitjitra*.

ZANG XXII.

Salisir.

Lampah 8.

1 Pan mangkana kang sarira
ing sasolahé poenika
sinolahaken ing dalang
loemakoe jèn linakokken.

2 Miwah ta lèmbéjanipoen
linèmbéaken [3]) ing dalang
pangoetjapé ingoetjapken
jèn koemilat kinilatken.

[1]) Hs. panggoe. [2]) Hs. sinoga. [3]) Hs. linèmbéken.

3 Tinoetoer anoetoeraké
sinembah anembah ikoe

ingoelatan angoelati
ing sakarsa-karsanipoen.

4 Kang nonton pinolah sami
tinonaken ing ḍaḍalang
ingkang ananggap poenikoe
sadjagat mangsa na wroeha.

5 Djer ikoe datanpa roepa
kang nanggap pan nèng [1]) [djro poeri
datanpa warna hjang Soeksma
sang Pramana dènnja ringgit.

6 Moetjapaken sariranja
tarpa hawa sasananja
wiboeh [2]) apan nora toemoet
ing sarira *salisiran*.

ZANG XXIII.

Manggalagita.

Lampah 15; peḍotan 8—7.

1 Pama ménjak lawan poehan kang agni moenggèng [3]) kajoe
andrepati tan katedah sang Pramana [4]) poenikoe
lwir gesenging kajoe panggrit landesan sami wreksa
molah kataman maroeta jata gesenging kajoe.

2 Koemeloen koekoesé midjil tan antara geniné
geni lawan koekoes sami saking kajoe widjilé
weroeha éling doek kala moela-moelanirèki
kabèh iki kang goemelar apan ta ja saking hèb.

5 Manoesa tinitah loewih apan ingangken rahsa
moelja ḍéwé ananipoen saking ingkang doemadi
adja mèngèng tjiptanira panoenggalé hjang roehoer
toenggal saparibawané isining bawanèkoe.

4 Ija moeng anggep sawidji manoesa kang sadjati
amengkoe sagoeng kaanan ing manoesa poenikoe
dèn-wroeh wisésaning toenggal anoeksmani [5]) salwirning [6])
tékad ingkang woes sampoerna panggah *manggalagita*.

---

[1]) Hs. anèng. [2]) Hs. wiboe. Deze emendatie berust op Redactie II.
[3]) Hs. moegèng. [4]) Hs. Bramana. Deze emendatie berust op Redactie II. [5]) Hs. anoeksmaning. [6]) Hs. salwirni.

ZANG XXIV.

Bramarawilasita.

Lampah 11; peḍotan 4—7.

1 Woes mangkana sang Wrekoedara moelih
datan mèngèng ing batin pan goemawang
nora pangling marang sariranipoen
tan kaliroe panoeksmané sawoedjoed.

2 Nanging lairipoen sasab piningit
rèh sarèhning mangoelah kasatrijan
pamoerwaning djagat-traja doemadi
kalairan batiné tan kasilib.

3 Apan kadya satoe moenggèng rimbagan
woes pralebda djati poeroesatama
soedagnjana sadana wredining tyas
darmapoenja nitya nirmala litjin.

4 Samakta tlasning kata rinantjana
pininḍa ring karas bahasa djarwa
woes ing dina Djoemoengah gaṭi katri
kaping sanga ring lèk tjatoer wasana.

5 Mangsa dwi ring Maktal windoe Sengara
rikang taoen [1]) Djimakir sinengkalan
maletiking dahana goraning rat
pamoengkasing *bramarawilasita*.

---

[1]) Hs. toehoen.

VARIAE LECTIONES.

Redactie II.

Zang I. 3*a* martotama iplv. marta; 3*b* rengen iplv. mijarsa; 3*d* arja Parta iplv. Danandjaja; 4*b* Sahadéwa iplv. Sadéwa; 4*c* Ngastina iplv. Gadjahoja; 4*d* pangéndra sangsara iplv. bantjana; 5*c* hjang soeksma kawekas iplv. baṭaroetipati; 6*a* bjatita ontb.; 6*b* woewoesen iplv. kawoewoesa; 7*b* kwèh iplv. kaṭah; 7*c* ménggal iplv. glis; 7*d* baskara iplv. diwangkara; 8*a* toetjapa iplv. warnan; 8*a* nihan iplv. bjatitanen; 8*a* Doerjodana iplv. Soejoedana; 9*b* uitbreiding van namen: Doerdaka, Doermanggala, Doermoeka, Doerkarna, Doerdjaja, Doermadjati, Soeradjaja, Sandadjaja, Sénadjajatjitra, Djajawikaṭa, Satroedjaja, Djajapati, Tjitradarma, Tjitraksa, Tjitrakarna, Tjitrakala, Tjitrasetya, Tjitramitjitra, Tjitradirgantara, Tjitratjapa, Tjitrakanḍa, Abimandra, Soetjimoeka, Dirgabaoe, Soedirga, Soedarga, Dirgasoera, Windadini, Wiranoewinda, Oepasanda, Wikadenta, Bagadenta, Oegrajoeda, Darpajoeda, Darpaséta, Widagda, Magada, Kartawarma, Kartasoeta, Wrahatbala, Dreṣtakéndra, Soedabaoe, Jogabaoe, Oegrasaja, Kanḍasaja, Darmajoeda, Kartajoeda, Sroetajoeda, Sroetajoe, Wroetajoe; 10*b* tyas iplv. wardaja; 10*c* hemkara iplv. goenem.

Zang II. 2*a* djangga iplv. loengaja °; 3*d* moelja kasoebaga iplv. paramoesésa; 5*a* èr iplv. tirta; 5*d* oenggjan ° iplv. enggèn °; 6*d* saloring iplv. soring; 7*c* èr pawitra iplv. èr ning wimarta; 9*c* oenggwan ° iplv. panggonan °; 10*a* awikoe iplv. mahajogi; 10*b* soemeboet mesat iplv. mesat; 11*c* geng iplv. gra magalak; 12*b* parbwata iplv. prabata.

Zang III. 1*a* data tita iplv. koeneng; 1*b* wanawasa iplv. wanadri 1*b* gandroeng-gandroeng ontb.; 1*d* bahja ° iplv. doergama °; 1*d* katjarjan iplv. sengsem; 2*a* kapèrèng iplv. kapéring; 2*b* rèdjèng iplv. pèrèng; 2*b* kang paroeng ring kèri iplv. kaèksi; 2*d* marga soepit-soepit woengkal maloengkaloengka iplv. marga loerah-loerahnja pinḍa wahja winangoen asri; 3*c* wiladja iplv. banas; 4*a* worawari, menoer ontb.; 4*b* nagapoespita iplv. nagapoespa; 5*b* mangoe ngoelati iplv. ngoelati; 5*d* sangkin iplv. saja; 6*a* roeg roegroeg kang kapoeroeg iplv. roeg; 6*d* mesat mawoer katawoer iplv. mawoet mawoer maledoeg; 7*a* kabentoes tatas wentis naratas iplv. kabentoes 7*a* uitbreiding: kenas-kenasnja méngas, kantjil kèh katjoelamik; 7*c* roengkad pan karangkoed iplv. roengkad °; 7*c* djoedjoerang djoedjoer ing djro aroemboet, roemembet analesep iplv. djoerang; 8*b* kèh iplv. kjèh; 8*c* atis kasrepan iplv. katisen samja koemeter; 8*c* akontrang-kantring iplv. glintoengan; 8*d* kaboewang iplv. singsal kasoesoe kaḍoengsangan; 9*a* giras maras goemriwis iplv. goemriwis; 9*a* padésan kebes trabas lir adoes iplv. padédésan; 9*b* uitbreiding: sekar ambjar, bramara marawasèng, madoe mredoe komala, mèh malinglang nirmala, kang wisajat kadya majat, ton tékang dasadésa, riris aris mararas, moerawèng santar kéntar; 10*a* uitbreiding: sengkoedira kadya, mbopong kenja di; 11*c* Kala iplv. ditya; 12*a* hèh ko di reksasa doer-

sila djoeti iplv. hah dik ditya sabaja; 12*d* oenggwan iplv. nggon; 13*a* panggah tan wegah iplv. panggah; 15*a* Éndrabaoe iplv. Éndrabajoe 15*b* Djagatnata iplv. Pramèsṭi; 15*c* woeroe waringoeten iplv. woeroe.

Zang IV. 1*b* ° angkrih iplv. ° angkrèh; 1*b* latri iplv. daloe; 1*c* gijoeh iplv. margijoeh; 1*d* sjara iplv. swara; 3*d* ngoepaja tan kapanggoeh iplv. ngoelati boten kapeḍak; 4*a* tanboeh iplv. tamboeh; 4*d* ° baoe iplv. ° bajoe; 6*d* ari ° iplv. dina; 8*b* uitbreiding van namen: Doerdaka, Doermanggala, Doermoeka, Doerkarna, Doerdjaja, Doermadjati, Djajasanda, Djajaséna, Djajatjitra, Djajawikaṭa, Satroedjaja, Tjitradarma, Tjitraksa, Djajapati, Tjitrakarna, Tjitrakala, Tjitrasetya, Tjitramitjitra, Tjitradirgantara, Tjitratjapa, Tjitrakanḍa, Abimantra, Dirgabaoe, Soetjimoeka, Dirgasoera, Soedirga, Soedarga, Wiladini, Wiranoewénda, Oepasanda, Bagadenta, Wikadenta, Oegrajoeda, Darpajoeda, Darpasoeta, Magada, Widagda, Kartawarma, Kartasoeta, Wrahatbala, Oegrasaja, Soedabaoe, Jogabaoe, Kartajoeda, Darmajoeda, Sroetajoeda, Sroetajoe, Wroetajoe, Dresṭakéndra; 12*c* oenggwan ° iplv. enggon °; 12*d* samoedra iplv. samodra.

Zang V. 1*a* anggoegoeroe iplv. nggoeroe; 1*a* bapak iplv. bapa; 2*b* kang kasapta bantala iplv. saptaboemi; 2*d* mahadwidjawara iplv. mahajekti; 5*d* ° awiwéka iplv. ° aprajitna; 7*a* pira bara jèn iplv. pira barané; 7*a* karahardjan iplv. basoeki; 7*c* baṭara sih iplv. baṭaroetipati; 7*d* uitbreiding: Droena's woorden in Pandiet-Maleisch; 9*a* gantya ingkang winoersita iplv. toetjapa; 9*a* Ngamarta iplv. Batanakawarsa; 10*a* Parta iplv. Danandjaja; 11*a* tjaraka iplv. doetèng; 11*b* nawala iplv. soerat; 11*c* uitbreiding: sira praboe siniwakèng radjapoetra ngajoen, Setyaki lan Oedawa; 12*a* drija iplv. kalboe; 12*a* tyas iplv. galih; 12*c* uitbreiding: wadya koeswa saananja, poenggawa sentana, lan radjapoetra ingkang pinatah tengga pradja, oewoes samaktya gja; 13*d* poera iplv. poeri.

Zang VI. 1*a* ajja iplv. adja; 1*c* Satakorawa iplv. Korawa; 3*a* bodjana drawina iplv. aboedjana najoeb; 3*a* kaseksèna iplv. kaèstona; 3*d* imbal watjana iplv. hem; 4*c* uitbreiding: Bimanjoe, Bimasoeta; 5*a* ambodjana ndrawina iplv. ambodjana; 8*b* uitbreiding: sanget awangkot boeteng kapiadreng, kedah noet satoedoehira resi Droena; 8*d* Batanakawarsa ontb.; 9*c* uitbreiding: Bimanjoe, Bimasoeta; 10*c* karoena iplv. anangis.

Zang VII, 4*b* katingal iplv. kaèksi; 4*c* pandoeloenira iplv. toemonnja; 5*b* ngagesang iplv. doemadi; 6*c* kadjenar iplv. koemoening; 7*c* merak iplv. koewong; 8*d* doekan iplv. dokan; 9*c*—*d* en 10*a* ontb.; 10*b* garentang iplv. rentang.

Zang VIII. 1*b* sih-asih iplv. timbangan; 1*b* moeni monang mangoeneng ngenani iplv. moeni; 2*b* srengkarèng iplv. sarkarèng; 2*d* rekta iplv. rakta; 3*a* maniti ing iplv. manitihi; 3*c* srang iplv. sri; 5*b* liman iplv. èsṭi; 5*d* oedaja iplv. djalanidi; 8*a* uitbreiding met namen van vaartuigen: djong, banawa,

oeloe boekoet, konṭang-konṭing, mamenṭèkan, korak-korèk, laladingan, galimpoeng, géjong, gijota, djoengkoeng, djangkang, majang, wangkang; 8*c* kalingling iplv. kaliling; 9*c* gisi-gisi iplv. isining sekar mekar ton maalep.

Zang IX. 1*b* manggoeha iplv. amanggiha; 1*c* mangsah iplv. noemangsah; 2*c* kroera iplv. kroeraja; 2*d* saargasoeta iplv. sawoekir anak; 3*a* kineboer iplv. kinotjak; 3*c* mangap iplv. mangang; 4*a* drasṭa iplv. sijoeng; 5*c* angin iplv. sinḍoeng prahara; 6*d* marbabang soemamboerat ontb.; 7*a* risang semboer nawa iplv. naga geng; 7*d* praptané iplv. pratané; 8*b*—*d* Pandiet-Maleisch ontb., iplv. hiervan: mapan tanpa arah, tirta wroeh ing tirta, soeksma pan sinoeksma, tangèh amanggiha, jèn tan noegrahanta.

Zang X. 1*a* soengkawa iplv. prihatin; 1*c* Arimoerti iplv. Padmanaba; 2*c* aliroe ḍiri bra ga déwa iplv. aliliron ḍiri sarira baṭara; 3*b* djaladri iplv. samoedra; 4*b* koeléjang iplv. koelijang; 4*c* Bajoepoetra iplv. Séna; 5*a* ḍawak iplv. pribadi; 6*c* lingira iplv. lingnira; 6*c* boboté iplv. bèbèté; 7*d* Madrin iplv. Madrim; 10*a* sasar kabelasar ontb.; 10*b* ngenoraken raga iplv. norraga; 11*c* wroeh ing iplv. waspadèng; 11*d* kaèsi ° iplv. kèsi °; 12*c* parbwata iplv. parbata; 13*c* mènglèng ontb.; 16*b* baskara iplv. soerja.

Zang XI. 4*c* tinoela-toela iplv. tinoela; 4*c* loemaris iplv. loemaksana; 5*c* étja iplv. énak; 6*b* ingkang iplv. ikang; 9*c* tan prapantja ontb.; 10*c* rosa iplv. prakosa; 11*a* uitbreiding: doedoeka, sabarang kang kasereng, moering-moering, marengoet amalengleng, masroe-masroe, warengkeng amoentjereng, amaredeng, wangkal woengkel, kalengki-lengki kijeng, agoel-agoel, nggigila andjenggileng, gora woewoes, nggigirisi anggereng, agawé sak, koemarèsèk karengeng, mangkrak kroera, angkara-kara ribeng, ngobrat-abrit, ngaboet-aboet aboeteng, nora aroes panggawéné si ireng.

Zang XII. 2*b* nganḍeg abebangoes iplv. ngaḍangi; 3*b* amoempoeni ing sarwa boewana ontb.; 4*c* uitbreiding: kasarakat, kasoerak, kasaroewo, kasangsara, jèn binéka bakoeh datan kaboeka, kaba-kaba, kinebat kaberabat, binakoehan, kaboetoeh kang tri moengsoeh, kaboeboeh ing wiboeh tan bisa ngambah; 5*c* rengen iplv. amijarsa; 6*b* roepa asṭa iplv. wowoloe warnanja; 8*a* tjilik iplv. tjili; 8*d* alit iplv. tjili; 11*a* warna ° iplv. wrena °; 12*b* enggon iplv. doenoeng; 13*a* angkara iplv. angkara-kara.

Zang XIII. 2*b* kakajon iplv. kakajjan; 5*c* mersanḍani iplv. mrasanḍani; 8*b* anoehoen iplv. malampah; 13*a* antaka iplv. angemasi; 13*d* éling ontb.; 15*c* parah-parah iplv. parah; 18*a* ajja karaket iplv. ajwa sira-karaketi.

Zang XIV. 4*c* hjang Soeksma iplv. baṭaroetipati; 4*d* tjarmin iplv. katja; 5*d* ganal iplv. geng; 6*d* pragnjana ontb.

Zang XV. 1*d* mangsa ta bisaa iplv. pasṭi nora bisa; 2*d* kéwala iplv. baé; 3*d* waswas iplv. oewas; 4*c* rawoeh iplv. prapta; 5*c* prasasat iplv. saksat.

Zang XVI. 1*c* angandika iplv. angling; 2*a* kadigdjajan iplv. kadigdajan; 2*b* kasentika ° iplv. saoelah °; 3*b* oepama sekar iplv. saéngganing poespita; 4*d* pataka ° iplv. patapa °; 5*b* kasrira iplv. kang srira.

Zang XVII. 1*a* mas iplv. kenaka; 3*b* pangémoet iplv. pangémoet-émoet; 3*d* sang marboedèng rat iplv. Déwaroetji soeksma; 5*d* oedjoeb lan rija iplv. djoeb-rija; 5*d* uitbreiding: kibiré kinaboer; 6*c* resi iplv. maharsi.

Zang XVIII. 1*d* uitbreiding: toewin amboeloe; 3*a* mring garwa iplv. wanoedya joe; 3*c* sawidji-widji iplv. sidji-sidji; 4*a* ontb.; 5*a* djanma ingkang oetama iplv. djanmotama; 5*d* dosa iplv. doeka; 6*b*—*d* ontb.

Zang XIX. 1*d* uitbreiding: lawan baboe; 3*a* warta iplv. wrata; 3*c* uitbreiding: brata mati raga, binentoer pineleng; 4*c* kongsi koeroe iplv. kongsi; 4*d* tanpa iplv. datanpa.

Zang XX. 1*a* oewoek kamatengen iplv. kamatengen datanpa woek; 1*b* ontb.; 1*c* déné ta iplv. dé; 1*d* mangka ragi iplv. pinangka ragi; 2*b* nora woeroeng iplv. tan woen; 2*d* rékaning sarira iplv. mamala békané; 3*b* landep rasa iplv. ° prijangga; 4*a* kambon ing woewoelang iplv. mamboe warah; 4*c* toemoet iplv. noeroet; 6*b* uitbreiding: siswa lawan goeroe.

Zang XXI. 1*c* sjara ° iplv. swara °; 2*b* goebar ontb.; 3*d* woelan iplv. tjandra; 4*b* gadebog iplv. gebog; 4*d* poera iplv. poeri; 5*a* tan mobah tan iplv. meneng datan; 5*b* mjang iplv. ngoeniwèh.

Zang XXII. 1*c* ki ḍalang iplv. ḍalang; 2*a* loemèmbèh iplv. lèmbéjanipoen; 2*d* ontb.; 5*b* poera iplv. poeri; 5*c* tanpa iplv. datanpa; 6*b* tanpa iplv. tarpa.

Zang XXIII. 1*b* andrapati iplv. andrepati; 2*a* tan antara malih iplv. tan antara; 2*a* agninja medal oemoeroeb iplv. geniné; 2*b* dahana iplv. geni; 3*a* rasa iplv. rahsa; 4*d* doemadi iplv. tékad.

Zang XXIV. 1*a* uitbreiding: molih tirta dibja maening; 2*a* uitbreiding: datan mantra-mantra kawadaka ing lijan donira anis, sasab soelih samining sisilih, ring sila laoe ngalah tan maajoen, mameḍar moeḍari, ja tékanang piningit; 3*b*—*d* ontb.

Het slot van Red. II is aldus:

ZANG XXIII.

Lebdadjiwa.

Lampah 11; peḍotan 4—7.

1 Tan kawarnèng enoe lampah sang Séna
praptèng tepis iring nagri Ngamarta
ladjoe lampahira mandjing djro poera
panggih lawan kang raka sang apraboe.

2 Joedistira toewin sira sang praboe
Arimoerti pan maksih amakoewon
ing djro poera para ri tinimbalan
Danandjaja Nakoela Sahadéwa.

3 Toewin para poetra prapta sadaja
djaloe èstri soemiwèng djro poera ja
samja soeka mantianta rikèng tyas
praptaning sang Bima waloeja djati.

4 Mawarah rèhnira doek nèng samoedra
poerwa praptèng wasana sahardja ja
nagri Ngamarta kadya taroe making
mangkja praptanira sang Bimaséna.

5 Taroe mendoeh sedeng moewah kawarsan
anoetoegken poenagi andrawina
warata lan wadya sapradja moewah
samja ngoengoen mangoengoen soekèng drija.

6 Kalingannja pratingkahing doemadi
sabarang rèh wit panedyaning dadi
sedya betjik manggoeh betjik kang dadi
asal datan kena rentjanèng dadi.

7 Nedya mati jjan rahardja ing boedi
lewih mantep pasrahnirèng hjang widi
pati oerip sapa kang andarbèni
sisip lamoen ngrasa adarbé oerip.

8 Kadya ta sang Bima doek sirèng oeni
pinalangan loenganira tan keni
tan atolih koela wong mjang diri
saking mantep tetep madep ing widi.

9 Pan woes djamaking djanma bakal loewih
lewih abot tjoba békaning kawih
jèn kawawa manahen anoehoni
kono sida wibawa ambawani.

10 Titi tamat kang serat Roetjidéwa
Soerakarta Rebo kaping kapitoe
woelan Sapar taoen Edjé woekoenja
Maḍangkoengan ingkang jasa kang serat.

11 Kangdjeng pangéran arja Singasari
ingkang sinatrija Soerakartèkoe
adining rat lagja joeswa marèkoe
kawandasa langkoeng tiga loemakoe.

12 Pinétoengan Edjé taoen poenikoe
angka sèwoe pitoeng atoes poenikoe
pitoeng dasa tenggak kawan dasèkoe
langkoeng tjatoer warsa ingkang marèkoe.

COMPARATIO.

Alvorens te beginnen met de comparatie in engeren zin willen we allereerst een uitvoerigen inhoud geven van de Bimasoetji bij wijze van tegenhanger der Nederlandsche vertaling van de Nawaruci.

ZANG I.

De dichter vangt aan met te zeggen, dat het doel van het schrijven van dit goddelijk verhaal in Oud-Jav. metrum is om het verdriet des gemoeds te verzachten en een verklaring in beeld te geven aangaande het leven. Het gedicht handelt over Wrekoedara, die in de leer is bij Droena en van zijn leermeester het bevel ontvangt het levenswater op te sporen ter reiniging van zijn lichaam. Wrekoedara gaat naar Ngamarta terug om afscheid te nemen van zijn broeders Joeḍiṣṭira, Danandjaja, Nakoela en Sadéwa, die hem allen tegenhouden en hem wijzen op de kwade bedoelingen van Droena op aanstoken der Koerawa's. Bima laat zich echter niet weerhouden van zijn streven naar volmaaktheid des levens en één te worden met god Goeroe. Zijn broers in kommer achterlatende begeeft hij zich zonder metgezel op weg.

De dorpsbewoners, die hem tegenkomen, maken eerbiedig een sembah voor hem en beijveren zich hem een rijkelijk onthaal aan te bieden, dat evenwel niet aanvaard wordt. Het Koeroe-veld verlatende volgt Bima den hoofdweg en bereikt weldra Ngastina, waarvan de hooge schitterende poorten reeds van verre zichtbaar zijn.

Vorst Soejoedana van Ngastina verleent audiëntie, waarbij aanwezig zijn: Droena, de vorsten van Mandraka en Ngawangga en al de Koerawa's, benevens patih Sengkoeni en Bisma. Er wordt beraadslaagd over het voorkomen van den Bratajoeda-oorlog en middelen worden beraamd ter verdelging der Paṇḍawa's zonder geweld van wapenen. Allen zijn het eens met het genomen besluit, behalve de oprechte, edelaardige Soejoedana.

ZANG II.

Bima komt onverwachts de audiëntiezaal binnen, waar hij door de aanwezigen verwelkomd wordt. Van Droena ontvangt hij een nadere aanwijzing van de vindplaats van het levenswater,

dat zich bevindt in het Tibrasara-woud, aan den voet van den Gadamadana-berg en wel in een diepe grot op den Tjandramoeka-berg. Soejoedana maakt zich bezorgd over Bima en maant hem tot voorzichtigheid. Nadat Bima van zijn leermeester vernomen heeft van de heilzame kracht van het levenswater, begeeft hij zich op weg. Al de achterblijvenden in de audiëntiezaal gaan feest vieren zich verheugende over het weggaan van Bima, daar ze er van overtuigd zijn, dat de zoo zeer gevreesde held zijn ondergang tegemoet gaat en het slachtoffer zal worden van twee vervaarlijke reuzen, die de grot bewonen.

ZANG III.

Welgemoed gaat Bima naar de vindplaats van het levenswater. Zijn tocht gaat door bosschen, berghellingen en ravijnen. Hij passeert verschillende wegen, waarlangs allerhande bloemen welig groeien zooals: banas, bogem, poeḍak, tjepaka, andoel, angsana, kanigara, wilasa, gandasoeli, anggrèk woelan, worawari, armawar, menoer, gambir, nagapoespa, angsoka, malaṭi, tandjoeng, praboesètmata, sridenta, kenanga, kamoening.

Hij stoot met zijn voet tegen een berg, waardoor boomen omvallen, die een donderend geraas en een storm veroorzaken, zoodat alle dieren op de vlucht raken en verscheidene omkomen, waaronder herten, wilde stieren en slangen.

Verschrikt door den hevigen storm gaan de kluizenaars in berooiden toestand op de vlucht, terwijl kluizenaarsleerlingen, die haastig een goed heenkomen zoeken naar de dorpen, hun hoofddeksels van boomschors onderweg verliezen.

Weldra bereikt Wrekoedara den Tjandramoeka-berg en begint met ijver de grot op te graven, terwijl hij alles ondersteboven haalt, maar hij vermag het levenswater niet te vinden. Op het hooren van het lawaai komen de tweeling-reuzen Roekmoeka en Roekmakala geheel ontsteld naar buiten en krijgen Bima dadelijk in het oog. Ze vallen den vernieler van hun verblijf aan. Er ontstaat een hevig gevecht, waarbij de twee reuzen den strijd verliezen en sneuvelen. Hun lijken verdwijnen echter spoorloos, aangezien ze niemand anders waren dan god Éndrabajoe, die ten gevolge van god Pramèsṭi's vloek in twee reuzen was veranderd.

ZANG IV.

Nadat Bima bergen en bosschen heeft verwoest ter ontdekking van het levenswater, wordt hij door den nacht overvallen. Omdat hij het levenswater niet kan vinden, wordt hij wanhopig en verdrietig. Maar daar hoort hij plotseling een stem van een onzichtbare, die hem er opmerkzaam op maakt, dat hij niet de juiste aanwijzing van de vindplaats van het levenswater heeft bekomen. Wrekoedara vraagt ernstig naar dengene, die zoo tot hem spreekt en verzoekt hem liever een eind te willen maken aan zijn leven, als hij het levenswater niet zou kunnen krijgen. De onzichtbare zegt hem lachend, dat hij niemand anders is dan Éndrabajoe, die hij in de gedaante der tweeling-reuzen Roekmoeka en Roekmakala heeft bestreden en overwonnen, en op die wijze verlost van de vervloeking van den Oppergod. Hij spoort Bima aan terug te keeren en aan Droena een betere aanwijzing te vragen aangaande de vindplaats van het levenswater, dat inderdaad wel bestaat.

Vervolgens gaat Bima met spoed naar Ngastina terug, waar hij precies een week na den audiëntiedag aankomt. Hij treedt de audiëntiezaal binnen, waar hij dezelfde personen aantreft als toen bij zijn vertrek ter opsporing van het levenswater. Allen heeten hem welkom en de Koerawa's vragen hem vleiend en spottend van het levenswater te mogen genieten. Bima vertelt Droena van zijn wederwaardigheden, van het ondersteboven halen van den Tjandramoeka-berg, van het gevecht met de twee reuzen en van zijn vergeefschen tocht. Droena verontschuldigt zich veinzende, dat hij Bima's standvastigheid jegens den geestelijken leeraar op de proef heeft gesteld.

ZANG V.

Droena deelt nu Bima mede, dat de plaats van het levenswater is in het diepst der zee. De tweede der Pandawa's verzekert zijn leermeester, dat hij voor niets terugdeinst, al bevond het levenswater zich boven den hemel of op den bodem der zeven verdiepingen van de aarde. Droena wekt Bima's begeerlijkheid op door hem voor te spiegelen, dat het levenswater zijn afgestorven voorouders zal doen herleven en dat hij de voortreffelijkste man op aarde zal zijn. Soejoedana maakt zich bezorgd over zijn neef hem manende tot oplettendheid en laat als vroeger zijn goed-

hartigheid en sympathie jegens hem blijken. Bima stelt zijn vorstelijken neef gerust en vertrekt dadelijk, terwijl hij zich voorneemt eerst naar Ngamarta te gaan ten einde zijn broers op te zoeken.

Intusschen maken de Pandawa's zich ongerust over het vertrek van Bima en zenden terstond een bode naar Dwarawati om een brief aan vorst Kresna over te brengen. Na het ontvangen van het bericht verzamelt Kresna zijn leger en vertrekt naar Ngamarta, waar hij door de Pandawa's wordt begroet. Joedistira en zijn broers brengen Kresna hulde en nadat allen naar rang en stand in het paleis zijn gezeten vertellen de Pandawa's schreiende aan Kresna van het weggaan van Bima.

ZANG VI.

Vorst Kresna troost met veel tact en overleg den treurenden Joedistira en maant hem vooral vertrouwen te stellen in de bestiering Gods, hem wijzende op elke vergelding van alle goede en booze daden. Door deze troostrijke woorden wordt de smart van den koning eenigermate gelenigd. De vorst neemt zich voor een feest te vieren ingeval Bima afziet van zijn plannen. Onverwachts komt deze thuis, die met gejuich begroet wordt door al de Pandawa's alsmede Pantjawala, Soembadra, Sikandi en Droepadi. Kresna spoort den vorst van Ngamarta aan onmiddellijk feest te vieren. Bima maakt evenwel zijn plannen kenbaar, dat hij volstrekt niet voornemens is daaraan deel te nemen, aangezien hij slechts bij zijn bloedverwanten komt om afscheid te nemen vóór zijn vertrek naar het diepst der zee overeenkomstig Droena's opdracht. Hoe allen ook moeite doen Bima tegen te houden en zijn gevaarlijk plan te laten varen, niemand slaagt er in. Nadat Bima allen, die hem vasthouden, van zich heeft afgeslingerd, vertrekt hij en loopt voort zonder om te zien.

ZANG VII.

Terwijl de Pandawa's thuis zitten te treuren en op velerlei manieren door Kresna tot bedaren worden gebracht, bereikt Séna, de tweede der Pandawa's, spoedig het bosch. Onstuimig en vreesaanjagend loopt hij voort zonder acht te slaan op de vele gevaren en de schoonheid der gepasseerde streken, alsmede het gekweel der vogels. Het is alsof alle planten en dieren Bima waarschuwen om toch terug te keeren.

ZANG VIII.

